



Pou Piblikasyon Imedya: 02/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON KI ABWOJE ENTÈDIKSYON SOU 'LÈ OU AP MACHE ANTANKE TRANSEKSYÈL' LA

Lejislasyon an abwoje seksyon nan lwa ki te gen entansyon entèdi flannen nan objektif pou angaje nan pwostitisyon, men okontrè li te mennen nan aplikasyon lawa yon fason diskriminatwa sou fanm koulè ki transeksyèl ak siseksyèl yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a lejislasyon (S.2253/A.654) ki abwoje kòk pòsyon nan yon lwa - yo konnen kòm 'Lè Ou Ap Mache Antanke Trans-seksyèl (Walking While Trans)' - ki te mennen nan sèvis lapolis abitè ak diskriminatwa sou fanm koulè ki transeksyèl. Yo te itilize lwa a, ke yo te adopte orijinalman an 1976 nan entansyon pou entèdi flannen nan objektif pwostitisyon, avèk yon definisyon ki ekstrèmman vas sou flannen ki te mennen nan arestasyon fanm koulè transeksyèl ak siseksyèl ki respekte lalwa. Anpil pwokirè Distrik lokal yo te volontèman sispann aplike lwa a, dèske yo rekonèt enpak diskriminasyon li a.

"COVID la te ekspeze mare bas an Amerik epi politik 'lè ou ap mache antanke transeksyèl' la se yon ezganp kouran soujans enjistis yo ke Nouyòkè yo espesyalman sila yo ki se moun koulè - ap fè fas senpleman paske yo ap mache nan lari yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan twò lontan yo te sible enjisteman ak aplike sèvis lapolis yon fason dispwopòsyonèl sou moun transeksyèl yo pou kondwit ki inosan, ki legal baze sèlman sou aparans yo. Abwoje entèdiksyon 'lè ou ap mache antanke transeksyèl' ki akayik la se yon etap enpòtan sou wout pou refòm sistèm sèvis lapolis nou an ak redwi asèlman ak kriminalizasyon vizaj moun transeksyèl senpleman dèske yo se moun yo ye a. New York te toujou nan tèt nasyon an sou dwa LGBTQ yo, epi nou pral kontinye konba sa a jiskaske nou atenn vrè egalite pou tout moun".

Senatè Brad Hoylman te deklare, "New York korije jodi a yon enjistis nan kòd penal nou an ki te pèmèt fòs aplikasyon lalwa yo arete fanm transeksyèl yo—espesyalman sila yo ki se moun koulè yo, ansanm ak imigran ak jèn LGBTQ yo—senpleman dèske yo ap mache nan lari ak pou rad yo mete yo. Lwa jeneral demode, diskriminatwa a te mennen nan plizyè santèn arestasyon fanm koulè transeksyèl ki pa nesèsè ak yon vas kilti laperèz ak entimidasyon pou Nouyòkè transeksyèl ak non-konfòm yo. Gras ak travay di ak detèminasyon kominote LGBTQ a—an patikilye, Nouyòkè transeksyèl ak non-konfòm yo ki te pataje avèk bravou istwa yo a—New York abwoje lwa jeneral sa a yon fwa pou tout. Mwen pwofondeman rekonesan pou defansè LGBTQ+ yo, gen ladan TS Candii, Bianey Garcia, Kiara St. James, Norma Ureiro ak anpil lòt moun, pou

pwomosyon pasyone yo a. Mwen rekonesan pou efò Manm Asanble Amy Paulin yo, ki te desizif nan asire adopsyon lejislasyon sa a nan chanm yo a. Nou kapab adopte pwojè lwa sa a jodi a gras ak lidèchip istorik Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins, epi yo ap enskri li pou vini yon lwa jodi a gras ak angajman kontini Gouvènè Andrew Cuomo pou egalite kominote LGBTQ a nan New York."

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, "Aplikasyon abitrè ak diskriminatwa lwa 'lè ou ap mache antanke transeksyèl' la te vini yon afwon ensipòtab pou lajistis epi li te mennen nan siblaj yon fason dispwopòsyonèl nan kèk nan pifò moun ki pi majinalize yo nan sosyete yo, gen ladan fanm koulè yo ak manm kominote transeksyèl la. Abwoje lwa akayik sa a se yon viktwa pou ekite ak jistis pou tout Nouyòkè yo. Mwen remèsye Senatè Holyman pou tout travay li a sou pwojè lwa sa a nan chanm li a epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman li pou kesyon sa a epi dèske li te siyen pwojè lwa sa a jodi a".

Melissa Sklarz, ki se defansè dwa transeksyèl yo, te deklare, "Aprè anpil ane ke kominote TGNCNB yo ak alye nou yo tap òganize ak fè lòbi, lejislati Eta New York la te adopte entèdiksyon kont-flannen Lè Ou Ap Mache Antanke Transeksyèl La epi Gouvènè Cuomo te siyen pwojè lwa a pou vini yon lwa. Mèsi Gouvènè Cuomo, Sena a, Asanble a, Senatè Brad Hoylman, AM Amy Paulin, TS Candii, ak lame lidè pwogresis lidè yo ki kwè ke fanm koulè transeksyèl yo genyen menm dwa pou rasanbleman menm jan ak tout Nouyòkè yo epi yo pa pral sible yo ankò dèske yo se transeksyèl, dèske yo se nwa oswa metis, pou dèske yo se imigran, epi pou dèske yo se fanm".

Norma Ureiro, Manm Make the Road New York (Fè Chemen an New York), onon 24,000 manm òganizasyon an, te deklare, "Pandan plis pase 40 ane, yo te asele, pwofile, ak arete fanm transeksyèl nwa ak metis yo tankou mwen menm, dèske nou te eksprime idantite seksyèl nou an piblik. Mwen kontan anpil pou m tande jodi a lejislati Eta a te fè istwa epi li te abwoje Entèdiksyon Lè Ou Ap Mache Antanke Transeksyèl La, epi ke Gouvènè Cuomo pral kontinye sipò li a nan siyen A3355/S1351 an. Lwa jeneral (P.L. §240.37) 'flannen nan entansyon pou pwostitisyon' an seksis, rasis ak transfobik. Yon fwa, yo te arete mennaj mwen avèk mwen dapre kòd penal 240.37 la dèske senpleman nou tap mache ansanm epi nou te kenbe men, epi jiska prezan mwen toujou pote sikatris ak laperèz entèaksyon an avèk lapolis ak arestasyon enjis la. Men jodi a mwen kontan anpil dèske nou pral kapab bay pwoteksyon pou jenerasyon fanm transeksyèl alavni yo, redwi entèaksyon avèk lapolis ak vyolans kont fanm koulè transeksyèl yo".

TS Candii, Direktè Egzekitif Black Trans News (Nouvèl Transeksyèl Nwa yo), te deklare, "Aprè kat deseni nan lwa diskriminatwa sa a, New York te finalman abwoje entèdiksyon #WalkingWhileTrans (Lè Ou Ap Mache Antanke Transeksyèl) la. Pandan twò lontan, yo te itilize lwa jeneral sa a kòm yon zam pou pèmèt fòs aplikasyon lalwa yo asele fanm transeksyèl nwa ak metis yo ak konpatriyòt ki pa konfòm ak yon sèks yo dèske yo senpleman te genyen odas pou pwonmenen ak egziste nan espas piblik yo. New York se yon kote ki plis an sekirite paske yo abwoje ak sele entèdiksyon #WalkingWhileTrans lan. Nou aplodi Senatè Holyman, Manm Asanble Paulin ak tout

defansè lejislalif nou yo pou pwomosyon yo a. Nou aplodi tou Gouvènè Cuomo dèske li siyen rapidman pwojè lwa sa a pou vini yon lwa. Sètènman, nou remèsye tout defansè yo, ke fanm transeksyèl nwa ak metis yo, pou tout apò konpetans, devouman, pasyon, doule, ak travay nou te mete nan kanpay sa a. Konba pou ekite ak egzistans transeksyèl la lwen pou li fini, men sa se yon etap fondamantal".

Priya Nair, Avan sa Edie Windsor, Marsha P. Johnson, ak Sylvia Rivera New York State LGBTQ Fellow, te deklare, "Abwogasyon Seksyon 240.37 Kòd Penal Eta New York la se yon gwo viktwa pou Nouyòkè nwa ak metis yo. Yo te itilize lwa jeneral akayik sa a pou sible fanm koulè yo, patikilyèman fanm transeksyèl koulè yo, dèske yo senpleman ap vake ak aktite kotidyen yo. Mèsi pou Gouvènè a dèske li te sipòte pwojè lwa sa a epi dèske li te elimine lwa jeneral diskriminatwa sa a nan rejis New York yo yon fwa pou tout".

Richard Saenz, Pwokirè Senyò, Estratejis nan Jistis Kriminèl ak Movèz Kondwit Lapolis, Lambda Legal, te deklare, "Lambda Legal, òganizasyon legal nasyonal ki pi ansyen ak pi gwo ki gen misyon jwenn tout rekonesans nan dwa sivil moun LGBTQ yo ak tout moun ki ap viv avèk VIH, aplodi adopsyon ak siyati pwojè lwa sa a pou abwoje P.L. § 240.37 la, entèdiksyon Lè Ou Ap Mache Antanke Transeksyèl la. Nou remèsye Gouvènè Cuomo dèske li te siyen pwojè lwa sa a ki pral retire yon lwa ki twò jeneral ak vag ke yo itilize pou sible ak kriminalize fanm yo - espesifikman ak yon fason dispwopòsyonèl fanm koulè yo".

"Mwen te ap mande yon fen nan entèdiksyon 'lè ou ap mache antanke transeksyèl' la pandan plizyè ane, epi mwen fyè ke nou te finalman abwoje lwa diskriminatwa sa a ki te sible kominote transeksyèl yo ak kominote koulè yo pandan twò lontan. Yo pa ta dwe asele pèsòn dèske yo se moun yo ye a", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "New York te sèvi lontan kòm yon flanbo lespwa pou kominote LGBTQ yo, epi nou fyè pou nou kontinye mach nou an avan pou enklizyon ak egalite."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)